2. Агибова И.М. Условия и факторы организации эффективной самостоятельной работы студентов с использованием информационных и коммуникационных технологий.
3 https://mnmc.hse.ru/service/yandex_contest
4. http://olymp74.ru/files/view.php?id=f020f46514c4bf89d4cd2f4d2fe4be185792e635972b611c7788f984e9f8a96c
5. https://yandex.ru/support/contest-management/contest/main.html

**РЕЗЮМЕ.** Ўқув жараёнида рақамли технология дастурлаш учун мўлжалланган платформалардан фойдаланиб, ўқувчиларнинг билим сифатини оширишга ёрдам бериш учун тавсия этилади.

**РЕЗЮМЕ.** Использование в учебном процессе платформ программирования цифровых технологий рекомендуется для повышения качества знаний учащихся.

**SUMMARY.** Using digital technology programming platforms in the learning process is recommended to help improve the quality of students' knowledge.

**UDK. 23-24; (112)-2022**

## ALAMOYNAQ DUWTAR SAZLARÍNÍŃ MUZÍKA ÍRǴAQLARÍ

**Z.Asqarova –** *úlken oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** dutor, ritmik naqsh, milliy kolorit, melisma, cholgʻu ansambli, doston, ijro mahorati.

**Ключевые слова:** дутар, ритмический рисунок, национальный колорит, мелизм, инструментальный ансамбль, дастан, исполнительский навык.

**Key words:** dutar, rhythmic pattern, national color, melisma, instrumental ensemble, dastan. performing skill

İrǵaqlar ásirler boylap xalıq muzıkası menen birge rawajlanıp –namalarımızdıń ajıralmas bir bólegine aylanǵan muzıkalıq element. Olar tiykarınan namanıń sulıwlıǵın, mánisin, tásirsheńligin tolıqtırıp barıwı menen birge, milliy koloritti de keltirip turatuǵın qásietke iye. Usınday qaytalanbas tárepleri menen barǵan sayın boyına shıray qomlap – búgingi kúni milliy muzıkamızdıń ózine tán jarasıǵına aylandı. Alamaoynaq duwtar sazlarında ushırasatuǵın ırǵaqlardı ulıwmalastırıp tórt túrge bóliwge boladı [1:54].

1. Melodiya notasınıń dási menen alınatuǵın «forshlag» ırǵaqları
2. Melodiya notasınıń dási menen alınatuǵın «mordent» ırǵaqları
3. Óz aldına silkpe dás penen alınatuǵın «dásli forshlag» ırǵaqları
4. Tek sol bir namaǵa beymlesken ırǵaqlar

**Nama notasınıń dáslepki menen alınatuǵın «forshlag» ırǵaqları.** Nama notasınıń dási menen alınatuǵın ırǵaqlar - forshlag hám mordent ırǵaqları dep ekige bólinedi. Óz gezeginde forshlag ırǵaqları da eki túrge bólinedi: nama notasınıń izinde keletuǵın uzın forshlag ırǵaǵı hám nama notasınıń aldında keletuǵın qısqa forshlag ırǵaǵı dep. Ekewi de liga sızıǵı menen nama notasına jalǵanıp jazıladı.

**Uzın forshlag ırǵaqları.** Endi uzın forshlagtıń óziniń de eki túri boladı: nama notasınan bálent jaylasqan uzın forshlag hám nama notasınan páste jaylasqan uzın forshlag. Ekewi de nama notasınıń izinde keledi hám sol ırǵaq - jazılǵan nama notasınıń sozımlıǵınıń jartısına sanaladı.

**1-mısal**



Bul mısalda 1 hám 4-notalardıń izinde uzın forshlagtıń nama notasınan bálent jaylasqan usılı jazılǵan. 1-qatarda jazılıw kórinisi, al astıńǵı 2-qatarda sanap shertiliw tártibi berilgen. (Keyingi mısallar da usı tártipte jazılıp barıladı). Shertkende - dáslep nama notasın óziniń tiyisli dási menen alamız (kórip turǵanızday bul jerde páske qaǵılatuǵın dás jazılǵan) izinen ırǵaqtıń notasın dássiz tek barmaqtıń háreketi menen alamız [2:192] **2-mısal**



Bul mısalda 1 hám 4 notalardıń izinde uzın forshlagtıń nama notasınan paste jaylasqan usılı jazılǵan. Atqarılıw tártibi 1-mısaldaǵıday boladı.

Uzın forshlagtıń eki usılında da al'teraciyalanǵan sesler paydalanılıwı múmkin, tómendegi mısalda solardıń hár qıylı variantları keltirilgen. Barlıǵınıń da atqarıw tártibi birdey boladı. **3-mısal**



Endi uzın forshlagtıń - on altılıq notanıń izinde jazılǵan variantın kórip shıǵamız. Joqarıda aytıp ótkenimizdey, uzın forshlag qaysı notanıń izinde jazılǵan bolsa – sol notanıń sozımlılıǵınıń jartısına sanalıp shertiledi dep. Tómendegi mısallarda uzın forshlag on altılıq notanıń izinde jazılǵan, demek forshlagtıń sozımlıǵı otız ekilik notaǵa teń boladı [3:195].

Shertkende - dáslep nama notasın tiyisli dási menen alamız (kórip turǵanızday bul jerde joqarıǵa qaǵılatuǵın dás jazılǵan) izinen ırǵaqtıń notasın dássiz tek barmaqtıń háreketi menen alamız. Demek, atqarılıw tártibi joqarıdaǵı mısallardaǵıday boladı, tek parqı eki ese shaqqanıraq shertiledi. **5-mısal**



Bul mısalda forshlaglar izbe-iz ekewden kelgen. Sanap shertiw tártibi 4-mısaldaǵıday boladı, tek parqı forshlaglar qatarına ekewden kelgen.

**Qısqa forshlag ırǵaqları.** Qısqa forshlag ırǵaǵı da nama notasınıń dási menen alınadı, biraq parqı barqulla nama notasınıń aldında keledi. Qısqa forshlagtıń da eki usılı bar. Birinshisi nama notasınan bálent jazılǵan qısqa forshlaǵ hám ekinshisi nama notasınan páste jazılǵan qısqa forshlag. Olardıń notadaǵı kórinisi hám atqarılıw tártibi tómendegi mısalda keltirilgen.

Mısalda hár takttiń birinshi notasınıń aldında nama notasınan páste jaylasqan qısqa forshlag ırǵaǵı berilgen. Atqarǵanda - birinshiden dás penen qısqa forshagtı alamız, keyin irkilmesten dássiz barmaqtıń shaqqan háreketi menen namanıń notasın alamız.



Bul mısaldıń 3 hám 4-taktlerinde hár notanıń aldına qısqa forshlag qatara qoyılǵan. Atqarıw tártibi joqarıdaǵı 1 - mısaldaǵıday boladı. Tek parqı bul jerde qısqa forshlag qatarına izbe-iz kelgen.

Atqarıw tártibi joqarıdaǵı 2 - mısaldaǵıday boladı. Biraq parqı 3-mısalda qısqa forshlag, nama notasınan bálent jaylasqan hám 1- turǵan forshlag on altılıq notanıń aldında, al izindegi 2 hám 3- forshlaglar segizlik notanıń aldında kelgen. Sonı da aytıp ótiwimiz kerek – forshlaglar

namanıń yoshına qaray - sál jayıraq yaki sál shaqqanıraq hárekette atqarılıwı múmkin [4:98]. **4-mısal**



Bul mısalda da qısqa forshlag nama notasınan bálent jaylasqan. Atqarılıw tártibi mısaldıń astıńğı qatarında anıq kórsetilgen.

Qısqa forshlagta da alteraciyalanğan sesler paydalanıladı. Tómendegi mısalda solardıń hár qıylı variantları keltirilgen. **5-mısal**



**Nama notasın dási menen alınatuğın «MORDENT» ırğağı.** Mordent ırğaqları da nama notasınıń dási menen alınadı hám tek lya tarı ushın jazıladı. Bular tiykarınan úsh túrge bólinedi.

1) nama notasınan bálent seslerden quralğan mordent ırğağı.

2) nama notasınan bálent seslerden quralğan uzın mordent ırğağı.

3) nama notasınan pás seslerden quralğan kesik mordent ırğağı.

## MORDENT İRĞAĞİ -

**1-mısal**



Bul mordent ırğağı bárqulla nama notasınan bálent jaylasqan **3-notadan** quraladı. Biziń mısalımızda bular re, mi, re notaları. Atqarğanda dáslep mordenttiń birinshi turğan re notasın tiyisli dási menen alıp izindegi mi hám re notaların dássiz tek barmaqtıń shaqqan háreketi menen alamız. Sanap shertiliw tártibi mısaldıń astıńğı qatarında kórsetilgen.

Bul mordent ırğağında da al'teraciyalanğan notalar paydalanılıwı múmkin. Tómendegi mısallarda solardıń hár qıylı variantları keltirilgen [5]. **2-mısal**



Bul mısalda mordent ırğağınıń aldında bemol belgisi qoyılğan. Demek, mordenttiń notaları do, re bemol, do boladı. Sanap shertiliw tártibi joqarıdağı 1-mısaldağıday. Negizinde bul mordent ırğaqlarınıń atqarılıw tártibi birdey boladı, parqı tek al'teraciyalanğan notalardıń ózgergenliginde.

Bul mısalda mordent ırğağınıń aldında diez belgisi qoyılğan. Demek mordenttiń notaları si, do diez, si boladı. Sanap shertiliw tártibi joqarıdağı 1- mısaldağıday boladı.

## UZİN MORDENT İRĞAĞİ -

**1-mısal**



Bul uzın mordent ırğağı bárqulla nama notasınan bálent jaylasqan tórt yaki bes notadan quraladı. İrgaqtıń aldına bemol belgisi qıyılğan - demek bular do, re bemol, do, re bemol notaları boladı. Atqarğanda dáslep mordenttiń birinshi turğan do notasın tiyisli dási menen alıp - izindegi re bemol, do, re bemol notaların dássiz tek barmaqtıń shaqqan háreketi menen alamız. Sanap shertiliw tártibi mısaldıń astıńğı qatarında kórsetilgen [6:163].

Joqarıdağı mısalda uzın forshlag bes notadan quralğan hám ırğaqtıń aldına bemol belgisi qoyılğan - demek bular **si bemol** (sebebi skripka giltiniń janında si bemol belgisi bar) **do bemol, si bemol, do bemol, si bemol** notaları boladı. Atqarğanda dáslep mordenttiń birinshi turğan si bemol notasın tiyisli dási menen alıp - izindegi do bemol, si bemol, do bemol, si bemol notaların dássiz tek barmaqtıń shaqqan háreketi menen alamız. Sanap shertiliw tártibi mısaldıń astıńğı qatarında kórsetilgen.

## KESIK MORDENT İRĞAĞİ -

«Kesik mordent» ırğağınıń – mordent hám uzın mordent ırğaqlarınan parqı, bul bárqulla nama notasınan páste jaylasqan úsh notadan quraladı, jáne olar úshlik (triol) usılında jazıladı hám atqarıladı. Tártip boyınsha hár bir nota teńdey eki notağa bólinse, **triolda** sol nota teńdey úsh notağa bólinedi hám olar «**3**» úsh degen san menen belgilenip barıladı.

**1-mısal**



Bul mısaldıń tórt jerinde namanıń si bemol notasına kesik mordent ırğağı berilgen. Atqarğanda dáslep kesik mordenttiń birinshi turğan si bemol notasın tiyisli dási menen alamız, keyin úshlik (triol) ritmikalıq usılda izindegi lya, si bemol notalarıń dássiz tek barmaqtıń shaqqan háreketi menen alamız. Tiykarınan bul kesik mordentlerdiń barlığınıń da atqarılıw tártibi birdey boladı. Parqı, tek onıń quramındağı tikarğı - yaki alteraciyalanğan notalarda boladı. Sol notalardıń perdelerin durıs alsaq bolğanı [7:156-157]

**2-mısal**



Bul mısalda kesik mordent úsh jerde berilgen. Birinshi kesik mordentten keyin úshlik (triol) usılda jazılğan namanıń notaları kelgen, olardı dásler haqqında aytıp ótkeimizdey - úshlik (triol) dási menen alınadı. Endi ırğaqlarğa kelsek, eń basında turğan namanıń birinshi notasınıń aldında bekar belgisi bar, al, kesik mordent belgisiniń aldında diez belgisi jazılğan. Demek, ırğaqtıń notaları si bekar, lya diez si bekar boladı. Ekinshi hám úshinshi ırğaqlardıń notaları si bemol, lya, si bemol boladı. Kesik mordentlerdiń atqarılıwı joqarıdağı 1-mısaldağıday boladı. Al mısaldı tolıq sanap shertiw tártibi astıńğı ekinshi qatarda anıq keltirilgen.

Usı jerde barlıq - nama notasınıń dási menen alınatuğın mordent ırğaqlarınıń jazılıw tártibi haqqında aytıp ótsek.

Tikarğı nama notasınıń aldında turğan al'teraciya belgisi mordentiń birinshi notasına tiyisli, al mordent belgisiniń óziniń aldında turğan al'teraciya belgisi - sol mordenttiń ekinshi notasına tiyisli boladı.

Jáne nama notasınıń bárqulla aldında keletuğın qısqa forshlag ırğağı namanıń ağısına qaray, geyde 32-lik, al geyde 64-lik sozımlıqlarda alınıwı múmkin [8].

Sonı da aytıp ótiwimiz kerek – joqarıda kórip shıqqan barlıq forshlaglar da, namanıń yoshına qaray - sál jayıraq yaki sál shaqqanıraq hárekette atqarılıwı múmkin.

## Ádebiyatlar

1. Adambaeva T. «Revolyuciyağa shekemgi Qaraqalpaq muzıkası». –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1976.

2. Adambaeva T. «Karaqalpaq sovet muzıkasınıń tariyxınan». – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1985.
3. Allanazarov D. «Qaraqalpaq sazları» (duwtar). -Nókis: «Bilim», 2004.
4. Allanazarov D. «Qaraqalpaq milliy alamoynaq duwtar sazendeshiligi sabaqlıqları». «Ǵafur Ǵulom», 2013.
5. Allanazarov D. «Qaraqalpaq ırǵaqları». «Ǵafur Ǵulom» baspası 2019.
6. Allanazarov D. «Qosıq aytsam». Ǵafur Ǵulom baspası 2019.
7. Qaraqalpaqstan teleradio kompaniyasınıń arxiv materialları.
8. Tilewmuratov G. úy arxiviniń materialları.

**REZYUME.** Ushbu maqolada qoraqalpoq milliy cholg‘u musiqasiga xos bo‘lgan Alamoynak dutorlari haqida so‘z boradi. Jumladan, maqolada melismalar kabi nafis notalar, mordentlar va ularning turli kenja turlari haqida so‘z yuritiladi, shu bilan birga, ularni alamoyin dutorida bajarish usullari batafsil va malakali bayon etilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье приводится информация о мелизмах присуших Каракалпакской национальной инструментальной музыке для «аламойнақ дуўтар». Например речь идёт о мелизмах как форшлаги, морденты и их разнообразных подвидах, вместе с тем подробно и грамотно описывается методы их исполнения на аламойнақ дуўтаре.

**SUMMARY.** This article presents information about the melodies inherent in the Karakalpak national instrumental music for alamoinak duutar. For example, we are talking about melismas like grace notes, mordent and their various subspecies, but at the same time, methods for their execution on the Alamoynak duwtar are described in detail and competently.

## TYUTORLÍQ ISKERLIGINIŃ ÁYYEMGI RIMGE KIRIP KELIWI HÁM RAWAJLANÍW TÁRIYXÍ

**N.Q.Begaliev** – *tayansh doktorant*
*Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** tyutor, konsepsiya, ta’lim, universitet, pedagog, Antik davr, faylasuf, akademiya, mantig logika, ritorika, politika, ellinizm, imperiya.

**Ключевые слова:** тьютор, концепция, образование, университет, педагог, Античное время, философ, академия, логика, риторика, политика, эллинизм, империя.

**Key words:** tutor, conception, education, university, pedagogue, Antique time, philosopher, academy, logic, rhetoric, politics, hellenism, empire.

Tyutorlıq úlken táriyxqa iye kásip bolıp bul tárbiyalıq konsepsiya waqıt ótiwi menen túrli mámleketlerde túrli kórinisler menen ózgerip barǵan. Ulıwma aytqanda tyutorlıq bir yamasa bir neshe oqıwshılardıń baqlawshısı bolıp, olar oqıwshılardı mektepte, universitette hám tiykarınan sabaqtan bos waqıtların mazmunlı ótkeriw, olardı jetik insan etip tárbiyalaw hám olardıń jeke shaxs sıpatında rawajlanıwına juwapker kásip iyesi bolıp qáliplesiwinde tárbiyalawshı shaxs bolıp esaplanadı. Tyutorlıq iskerligi úlken tariyxqa iye bolıp, hár túrli atamalar menen atalıp kelingen. XII ásirge kelip ǵana Anglo-sakson universitetlerinde iskerlik kásip sıpatında engizilgen. Tyutorlıq tálim prosessine rásmiy emes hám strukturasız túrde kirgen bolıp, onıń tariyxi qala-mámleketler payda bolǵan dáwirlerge barıp taqaladı. Áyyemgi dáwirde tyutorlıq xizmeti rásmiy tárizde bolmay onıń tiykarǵı maqseti oqıwshılardıń pán kónlikpesin qáliplestiriw xizmetin atqarıp, tálim beriw prosesi menen birge alıp barılǵan. Iskerlik túrli mámleketlerde hár qıylı atamalar menen atalǵan bolıp, mısal sıpatında Áyyemgi Gresiyada pedagog dep atalǵan bolsa, Áyyemgi Rimde latın tilinen kirip kelgen “tutor” ataması menen ataǵan bolıp, olar óziniń atqaratın xizmetine qaray otırıp bir qansha toparlarǵa bólingen [1:4].

B.e.sh. VIII ásirde Rim qalasınıń payda bolıwı hám onıń rawajlanıp barıwı, waqıt ótip dúnyada qúdiretli miperiyanıń payda bolıwına sebepshi boldı. B.e.sh. III ásirde Respublika dáwrinen baslap imperiya dáwrine shekem Rim aristokratları ushın óz balaların jeke tárbiyashı arqalı oqıtıw ápiwayı nárse sıpatında qaralǵan. Hátte, Ellinistik mámleketlerdi basıp alınǵannan sońda (b.e.sh. 146) jeke tárbiyashı bala tárbiyasında úlken roldi atqarǵan. Kvintillian Kishi Pliniydiń jazıp qaldırǵan dereklerinde de jeke tárbiyashınıń eramızdıń II ásriniń baslarına shekem óz abıroyın joytpaǵanlıǵın kórsetedi [2:266].

Áyyemgi Rimde bunday jeke tárbiyashılardı latın tilindegi “tutela” (tyutor) ataması menen ataǵan bolıp, ol “qorǵawshı” mánisin ańlatqan[3]. Tutele ustazǵa qaraǵanda keńrek túsinik bolǵan bolıp, Rim nızamlarına kóre jetim qalǵan balanıń jeke múlki tutelaǵa tapsırılǵan. Soń imperator Mark Aurelio bul funkciyanı mámleket qadaǵalawına ótkeredi. Bul házirgi dáwirde mámleketimizdegi wásiylik hám qayırxomlıq haqqındaǵı nızamnıń Áyyemgi Rimde payda bolǵanlıǵın kórsetedi. Demek, bul dáwirde tyutorlar tek ǵana tálim hám tárbiya menen ǵana emes, al balalardıń wásiy hám qayırxomı bolǵan. Sonıń menen birge Áyyemgi Rimde 14 jastan 25 jasqa shekem jaslardı ádepsizlik hám hiyleden asıraw ushın olarǵa kurator biriktirilgen bolıp, olda bala tárbiyası ushın juwapker shaxs esaplanǵan. Hár bir áyel adam ata-anası yamasa kúyewi tárepinen tutelaǵa berilgen, biraq háyel adamlardıń jeke pikiri esapqa alınbaǵan [4:514]. Bul tariyxiy dereklerdegi maǵlıwmatlarǵa qarasaq eramızdan aldıńgı dáwirde Rimde bala tárbiyası ayrıqsha rol oynaǵanlıǵın bilip alsaq boladı.

Áyyemgi Rim shańaraǵı ushın tyutor úlken tásirge iye bolǵanlıǵı sebepli, Rimde uzaq waqıt dawamında bas tálim institutı sıpatında tyutorlıq qaralǵanlıǵın túsiniwimiz múmkin. Respublika dáwrinde kópshilik ata-analar óz balaların tutelalarǵa tapsırǵan. Tálim tiykarınan balalarda etikalıq fáziyletlerdi rawajlandırıw, tuwrı minez-qulqtı qáliplestiriw hám mámleket aldındaǵı sociallıq májbúriyatın túsindiriwge qaratılǵan. Áke hár bir perzent ushın úlgi bolǵan, biraq hár dáyim birinshi tárbiyanı óz analarınan alǵan. Bala er jetkende oǵan óz ákesi oqıw, jazıw hám ápiwayı matematikanı úyretken. Er balalarǵa tiykarınan fizikalıq tárepten rawajlanıwına itibar berilgen bolsa, al qız balalardıń úy jumısların úyretiwge úlken itibar berilgen [5:13]. Er balalar 16-17 jasqa tolǵanda olarǵa arnawlı “togo” kiyimi berilgen. Bunnan soń ata-analar óz balaların shańaraǵına jaqın bolǵan tyutor qolına bergen. Bala baqlawda astında Rimniń 12 keste nızamların yadlaǵan. Aristokratlardan bólek qatlamnıń balaları bolsa urıs qılıwdı yamasa diyqanshılıqtı úyrengen. Jas oqıwshılardıń táliminiń sońǵı basqıshı “tirocinium fori” dep atalǵan bolıp, bul basqısh arqalı oqıwshılar ózleri rejelestirgen tarawları boyınsha huqıqtanıw yamasa siyasiy taraw boyınsha baǵdar alıp ketetuǵın tálim forması bolǵan [6:154].

Usı jerde bizler Áyyemgi Gretsiya hám Rim tyutorlıq iskerligin analizley otırıp óz-ara parqtı kóriwimiz múmkin. Rimde ritorik argument Sokrat dialogiyasın sıǵıp shıǵardı.Olar tálimde tártipli, nızamlı usıldı qollap-quwatlawshı tálim modelin usınıs etti. Imperiyaǵa bolsa ámeliy kónlikpe hám pikirlewdi táminlewshi tálim forması kerek edi.

Rim Greeciyanı basıp alǵannan soń, greklerdiń tálim sisteması Rim imperiyasına tásir etpesten qalmadı. Shıǵıstan alıp kelingen kópshilik qullar rimlilikler diń shańaraǵına tyutor bolıp keldi. Olar balalarǵa oratorlıq óneri, filosofiya hám ádebiyattan sabaq bergen. Usınday qullardıń biri sıpatında b.e.sh. III ásirde jasap ótken Livius Andronikti aytıp ótsek boladı. Ayırım dereklerde jazılıwınsha ol Rim konsulınıń balarına tyutorlıq qılǵan